# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ KÁRXANA HÁM SHÓLKEMLER DEMOGRAFIYASÍ BOYÍNSHA MAĆLÍWMAT

*2022- jıl 1- avgust jaǵdayına*
*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
UZSTAT
STATISTIKA BOSHQARMASI



# Kárxana hám shólkemler sanı, *birlikte*

*(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına)*

| | | |
|---|---|---|
| Dizimnen ótken kárxanalar | 26 567 | 106,9% |
| Hárekettegi kárxanalar | 25 300 | 107,1 % |
| Jańadan ashılǵan kárxana *(2022-jıl yanvar-iyul aylarında)* | 2 511 | 87,8 % |

**Yuridikalıq shaxs:**

Óz jumısların júrgiziwinde yamasa operativ basqarıwında óz aldına mal-múlkke iye bolǵan hám de óz minnetlemeleri tiykarınan usı mal-múlk penen juwap beretuǵın, óz atınan múlki yamasa jeke mulksiz huquqlarǵa iyelik ete alatuǵın hám olardı ámelge asıra alatuǵın, minnetlemelerdi atqara alatuǵın, sudta dawager hám juwapker bola alatuǵın shólkem **yuridikalıq shaxs** esaplanadı.

## Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń jıllar kesiminde sanı, *birlikte*

*(1- avgust jaǵdayına)*



# Klassifikator boyınsha hárekettegi kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı, *birlikte*

*2022- jıl 1-avgust jaǵdayına*

**15 882**
**Juwapkershiligi sheklengen jámiyet**

**2 044**
**Shańaraq kárxanalar**

**105**
**Unitar kárxanalar**

**3 068**
**Jeke kárxanalar**

**24**
**Akcionerlik jámiyeti**

**475**
**Basqalar**

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, *birlikte*

*(1- avgust jaǵdayına)*



# Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler sanı

*(2022- jıl yanvar-iyul aylarında)*




## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler sanı

*(yanvar- iyul aylarında, birlikte)*



# Hárekettegi awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarawındaǵı kárxanalar hám shólkemler

*(1- iyul jaǵdayına, birlikte)*

**Jámi hárekettegi karxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 10,8 % ke ósti**













# Háreketten sanaat kárxanaları hám shólkemlerdiń sanı, birlikte

*(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına)*





Jámi háreketdegi sanaat kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **6,2 %** ke ósti









**187**



Taw-kán sanaatı hám ashıq kanlerdi islew

**3 114**



Islep shıǵarıw sanaatı

**33**



Elektr, gáz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

**72**



Suw menen támiyinlew, kanalizaciya, shıǵındılardı jıynaw hám utelizaciya islew

2022- jıl 1- avgust jaǵdayına sanaat kárxanaları hám shólkemleri sanı 3 406 nı qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 6,2 % ke ósti.

Jámi sanaat kárxanaları hám shólkemleri - (ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda), Islep shıǵarıw (qayta islew) sanaatı 6,4 % ke (jámine úlesi 91,4 %), suw menen támiyinlew, kanalizaciya shıǵındılardı jıynaw hám utelizaciya islew 35,8 % ke (jámine úlesi 2,1 %), elektr, gáz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw 82,5 % ke (jámine úlesi 1,0 %) taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda (jámine úlesi 5,5 %) ózgerissiz bolǵanlıǵın kóriwimiz múmkin.

# Qurılıs tarawı boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler haqqında maǵlıwmat,

*jıllar kesiminde (birlikte)*



***Jámi hárekettegi kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda***

**0,5 % *ke ósti***




***Kishi isbilermenlik subyektleri***



***0,3% ke ósti***




***Mikrofirmalar***




***Kishi kárxanalar***




## Qurılıs tarawı boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, jıllar kesiminde

*(birlikte)*




2022- jıl 1- avgust jaǵdayına qurılıs tarawı boyınsha kárxana hám shólkemler sanı 2 468 di qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,5 % ke ósti.

Jámi qurılıs tarawı boyınsha kárxana hám shólkemler sanı imaratlar qurıw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 98,3 % ke (jámi qurılıstaǵı úlesi 59,0 %), puxaralıq obyektlerin qurıw - 40,5 % ke (jámi qurilistaǵı úlesi 13,6%), qánigelestirilgen qurılıs jumısları 92,0 % ke (jámi qurılıstaǵı úlesi 27,4 %) ósiwin kóriwimizge boladı.

# Sawda tarawı boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler sanı

*(1- avgust jaǵdayına, birlikte)*





***Jámi hárekettegi kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 11,2 % ke ósti***




***Kishi isbilermenlik subyektleri sanı***



***11,3%***
***ke ósti***




***Mikrofirmalar***




***Kishi kárxanalar***




## Sawda tarawı boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, jıllar kesiminde

*(1- avgust jaǵdayına, birlikte)*

2022-jıl 1- avgust jaǵdayına sawda boyınsha kárxana hám shólkemler sanı 6 892 ni qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 11,2 % ke ósti.

Jámi sawda boyınsha kárxana hám shólkemler sanı – usaqlap satıw (jenil mashina hám motocikllerden tısqari) ótken jılǵá salıstırǵanda 8,8 % ke (jámi sawdadaǵı úlesi 69,4 %), kótere sawda (jenil mashina hám motosikllerden tısqarı) ótken jılǵa salıstırǵanda 16,5 % ke (jámine úlesi 22,0 %), jenil mashina hám motocikllerdi kótere hám usaqlap satıw sawdası hám olardı ońlaw ótken jılǵá salıstırǵanda 18,3 % ke (jámine úlesi 8,6 %) ósiwin kóriwimizge boladi.



# Densawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw boyınsha háreketttegi kárxana hám shólkemler sanı, birlikte

*(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına)*

- Densawlıqtı saqlaw

**422**

- Jasaw ushın jay menen tamiyinlengen halda sociallıq xızmetler kórsetiw

**28**

- Jasaw ushın jay menen tamiyinlenbegen halda sociallıq xızmetler kórsetiw

**10**

## Densawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw tarawında háreketttegi kárxana hám shólkemler sanı



*Jámi háreketttegi kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda* ***11,4%*** *ke ósti*




*Kishi isbilermenlik subyektleri sanı*



***10,2%*** *ke ósti*




*Mikrofirmalar*




*Kishi kárxanalar*



# Jasaw hám awqatlanıw boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, birlikte
(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına)




*Jámi hárekettegi kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda* ***2,8%*** *ke ósti*




*Kishi isbilermenlik subyektleri*



***2,9 %***
*ke ósti*




*Mikrofirmalar*




*Kishi kárxanalar*




## Jasaw hám awqatlanıw boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı
*(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına)*




**98**
**Jasaw boyınsha xızmetler**



**1 315**
**Azıq-awqat ónimleri hám ishimlikler jetkeriw boyınsha xızmetler**

2022- jıl 1- avgust jaǵdayına, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındaǵı kárxana hám shólkemler sanı 1 413 ti qurap, ótken jıldın’ sáykes dáwirine salıstırǵanda 2,8 % ke ósti.

Jámi jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındaǵı kárxana hám shólkemler sanınıń kóbeyiwiniń tiykarǵı deregi azıq-awqat hám ishimlikler jetkerip beriw boyınsha xızmetler 3,2 % ke (jámi jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındaǵı úlesi 93,1 %), jasaw boyınsha xızmetlerdiń 97,0 % ke (jami jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındaǵı úlesi 6,9 %) ósiwi guzetildi.

# Kishi isbilermenlik subyektleri sanı

*(2022- jıl 1- avgust jağdayına, birlikte)*

**22 721**
dizimnen ótken

- **1 096** kishi kárxanalar
- **21 625** mikrofirmalar

**21 514**
háreketttegi

- **1 086** kishi kárxanalar
- **20 428** mikrofirmalar

**2 412**
yanvar-iyul aylarında jańadan ashılǵan

- **68** kishi kárxanalar
- **2 344** mikrofirmalar

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha háreketttegi kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı, *birlikte*



## **Shańaraq kárxanalar sanı,** *birlikte*

*(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına)*




Klassifikator boyınsha dizimnen ótken shańaraq kárxanalar sanı 2022- jıldıń 1- avgust jaǵdayına 2 214 ti qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 292 ge yamasa 15,2 % ke óskenligin kóriwimiz múmkin.

Hárekettegi shańaraq kárxanalar sanı 2 044 ti qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 223 ǵa yamasa 12,2 % ke óskenligin kóriwimiz múmkin.

2022- jıldıń yanvar-iyul ayında jańadan ashılǵan shańaraq kárxanalar sanı 223 ti qurap, bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 70,8 % ti quraydi.

## **Juwapkershiligi sheklengen jámiyetler sanı**, *birlikte*

*(1- avgust jaǵdayına)*

Klassifikator boyınsha dizimnen ótken juwapkershiligi sheklengen jamiyetler sani 2022- jıldıń 1- avgust jaǵdayına 16 683 ti qurap, bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 1 490 ǵa yamasa 9,8 % ke óskenligin kóriwimiz múmkin.

Hárekettegi juwapkershiligi sheklengen jámiyetler sanı 15 882 ni qurap, bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 1 465 ke yamasa 10,2 % ke óskenligin kóriwimiz múmkin.

2022- jıl yanvar-iyul aylarında jańadan ashılǵan juwapkershiligi sheklengen jámiyetler sanı 1 801 di qurap, bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 82,5 % ti quraǵanlıǵın kóriwimiz múmkin.



# Hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemlerdiń mámleketler kesimindegi sanı, *birlikte*

*(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına)*




## Shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı, birlikte

*(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına)*




Dizimnen ótken shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemler sanı 2022- jıl 1- avgust jaǵdayına 180 di quraydı, olardan 179 yamasa 99,4 % ti háreket etpekte.

2022- jıldıń yanvar-iyul aylarında 6 shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemler jańadan ashılǵan.

## Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(1- avgust jaǵdayına )*



# Rayonlar kesiminde hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı, *birlikte*

*(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına)*

| | Jámi | *sonnan:* | |
|---|---|---|---|
| | | Qospa kárxana | shet el qatnasındaǵı kárxanalar |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **179** | **104** | **75** |
| **rayonlar :** | | | |
| Ámiwdárya | **5** | 2 | 3 |
| Beruniy | **10** | 5 | 5 |
| Bozataw | **7** | 7 | 0 |
| Qaraózek | **11** | 7 | 4 |
| Kegeyli | **6** | 5 | 1 |
| Qońırat | **10** | 8 | 2 |
| Qanlıkól | **7** | 3 | 4 |
| Moynaq | **37** | 24 | 13 |
| Nókis | **9** | 4 | 5 |
| Taqıyatas | **9** | 3 | 6 |
| Taxtakópir | **4** | 2 | 2 |
| Tórtkúl | **6** | 5 | 1 |
| Xojeli | **2** | 1 | 1 |
| Shımbay | **4** | 3 | 1 |
| Shomanay | **3** | 1 | 2 |
| Ellikqala | **5** | 3 | 2 |
| Nókis q. | **44** | 21 | 23 |

Hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń tiykarǵı bólegi Nókis qalasında 44 (jámi sanına úlesi 24,6 %), Moynaq 37 (20,7 %), Qaraózekte 11 (6,2 %), Beruniy hám Qońıratta 10 (5,6 %), Nókis hám Taqıyatas rayonlarında 9 (5,0 %), Qanlıkól hám Bozatawda 7 (3,9 %), Kegeyli hám Tórtkúl rayonlarında 6 (3,4 %) ke tuwrı keledi.

## Dizimnen ótken kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına )*




2022- jıl 1- avgust jaǵdayına dizimnen ótken kárxana hám shólkemler rayonlar kesiminde Nókis qalasında (27,8 %), Tórtkúl (9,9 %), Beruniy (8,5 %), Ámiwdárya (7,6 %), Ellikqala (6,3 %), Qońırat (5,9 %), Xojeli (5,3 %), Nókis hám Shımbayda (4,2), Kegeyli (3,2 %), Taqıyatas (3,1), Moynaq, Qaraózek hám Qanlıkólde (2,7 %), Shomanay (2,4 %), Taxtakópir (1,9 %) hám Bozataw (1,6 %) rayonlar úlesine tuwrı keledi.

## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(2022- jıl yanvar-iyul aylarında)*

2022- jıldıń yanvar-iyul aylarında jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler Nókis qalasında (21,6 %), Tórtkúlde (9,6 %), Beruniyde (9,1 %), Ellikqala (8,7 %), Ámiwdárya (8,3 %), Qońıratta (7,1 %), Xojeli hám Kegeylide (4,2 %), Shımbay (4,1 %), Taqiyatas (3,6 %), Nókis (3,5 %), Taxtakópir (3,3 %), Qoraózekte hám Moynaqta (3,0 %), Qanlıkólde (2,7 %), Shomanay (2,3 %), Bozataw (1,7 %) rayonlar úlesine tuwrı keledi.



# Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń rayonlar kesiminde sanı, birlikte
*(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına)*




## Hárekettegi juwapkershiligi sheklengen jámiyetleriniń rayonlar kesimindegi sanı, *birlikte*
*(2022- jıl 1- avgust jaǵdayına)*




2022- jıl 1- avgust jaǵdayına harekettegi juwapkershiligi sheklengen jámiyetleri rayonlar kesiminde qaralǵanda, Nókis qalasında (32,5 %), Tórtkúl (10,0 %), Beruniy (7,5 %), Ámiwdárya (7,0 %), Qońırat (5,5 %), Xojelide (5,4 %), Nókis (4,9 %), Ellikqala (4,5 %), Shımbay (4,4 %), Kegeyli (3,6 %), Moynaq (3,0 %), Qoraózek (2,9 %), Taqıyatas (2,5 %), Bozataw ham Qanlıkólde (1,7 %), Shomanay (1,5 %), Taxtakópirde (1,4 %) rayonları úlesine tuwrı keledi.




Sırtqı paydalanıwshılar, tikkeley Qaraqalpaqstan Respublikası Statistika basqarmasınıń **www.qrstat.uz** veb saytında real waqıt rejiminde, soralıp atırǵan yuridikalıq shaxstıń (STIR) kodın kirgizip, informaciyalardı biypul alıwları múmkinligi belgilep qoyılǵan.

**Statistikalıq registrlardıń júritiw bólimi.**
**Tel.:61 224-92-09**